

SOAL PREDIKSI UAS/PAS SMP/MTs

TAHUN PELAJARAN 2018-2019

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Kelas/ Semester : IX (Sembilan)/1 (Ganjil)

Pilih jawaban nu pangbenerna!

Baca sempalan hutbah ieu di handap!

Parahadirin Kaum Muslimin !

Saparantos muji ka hadirat illahi robbi, solawat sareng salam mugia ginulur ka jungjungan urang sadaya nyatana Nabi Muhammad SAW. Katut kulawargana, sahabatna, paratabi-in dugi ka yaumiddin.

Salajengna, hotib wasiat hususna ka diri pribadi umumna ka hadirin rohimakumulloh, sumangga urang ronjatkeun kataqwaan ka Alloh swt, margi mung ku taqwa urang tiasa ngahontal kasalametan di dunya sareng aherat.

Hadirin Kaum Muslimin Rohimakumulloh.

Manusa aya hargana lamun miboga élmu sanajan miskin. Kitu deui manusa jadi *terhormat* lantaran boga élmu. Lamun teu boga élmu, naon hargana hirup urang, sabab henteu aya bédana jeung sato.

Imam Syafi'i ngadawuh : "Hirup manusa atawa hiji pamuda, nyaéta ku elmu jeung taqwa."

Lamun élmu jeung taqwa teu aya dina diri manusa, mangka hirupna moal aya hartina. Kukituna hayu urang tungtut élmu. Sing getol hadir di majlis élmu.

Seueur pisan ganjaranana pikeun jalmi nu resep nungtut élmu. Sakumaha dawuhan Kanjeng Nabi Muhammad SAW. Dina haditsna:

"Diukna anjeun dina majlis élmu sanajan sakeudeung, sanajan teu nyabak kalam-kalam acan, sanajan teu nulis sahurup-hurup acan, maka éta geus leuwih hadé tibatan ngamedikakeun sarébu budak beulian."

1. Manusa bakal luhur darajatna dina pandangan Alloh lamun....
 - a. **loba elmu**
 - b. loba harta
 - c. luhur pangkat
 - d. gede kawani
2. Akibat jalma lamun teu boga elmu nyaeta....
 - a. **hirup moal aya hartina**
 - b. teu boga wibawa
 - c. miskin harta
 - d. dihina kupapada jalma
3. Nu ditepikeun ku khotib dina paragraph kadua tina hutbah di luhur nyaeta....
 - a. ngawilujengkeun
 - b. **wasiat takwa**
 - c. menta dihampura
 - d. maca hadits

Baca rumpaka tembang ieu di handap keur ngeusian nomor 19-21

(1) Ditanya the duka teuing

Teuing jeung teuing walonna
Abong-abong bangkar warah
Tingkahna tuna sakola
Kumaha lamun geus kitu
Palias kabarerangan

(2) Demi anu luhur budi

Ajrih taya papadana
Someah tara jumago
Teu adigung adigungna
Dipikaresep balarea
Nu kitu kudu ditiru
Turutan laku lampahna

19. Dina rumpaka pada ka hiji, saha nu ditanya teu bisa ngajawab teh?
a. Jalma nu teu tuhu kana aturan

- b. **Jalma nu tuna sakola**
c. Jalma nu getol sakola
d. Jalma nu dipikaresep balarea
20. Ciri-ciri jalma anu luhur budi teh, iwal....
a. Ajrih c. tara jumago
b. Someah d. balaga
21. Kalakuan nu kumaha anu kudu ditiru sangkan dipikaresep balarea teh?
a. Ulah getol teuing diajar
b. Ulah adigung-adigungna
c. Ulah loba nyarita
d. Ulah loba teuing ulin
22. Resep ka Neng Wulan mah sanajan beunghar oge henteu...
a. Amis daging c. panjang leungeun
b. Hejo tihang d. gede hulu
23. Jang soleh mah teu kaop ka keureut sok jadi borok.
a. **Amis daging** c. amis budi
b. Hejo tihang d. pait daging
24. Tah kitu jadi budak mah kudu.....mun dititah ulah hararese.
a. Beurat birit **c. hampang birit**
b. Hampang leungeun d. leuleus awak
- Baca sempalan sajak ieu di handap!
Ciibun na tonggong daun
Hiliwir angin ngusapan pipi kemang
Sesa hujan peuting ngagenclang diburuan
.....
25. Kecap *ngagenclang* dina sajak di luhur nuduhkeun kaayaan warna....
a. Bodas **c. herang**
b. Koneng d. hideung
26. Sajak teh salah sahiji karya sastra Sunda dina wangun...
a. Lancaran c. prosa
b. Drama d. ugeran
27. Waktu gelarna sajak dina kasusastraan Sunda teh nyaeta....
a. Jaman Walanda c. Samemeh Merdeka
b. Jaman Jepang **d. Sabada Merdeka**
28. Pangarang Sunda nu munggaran ngarang sajak dina taun 1946 teh nyaeta...
a. Ajip Rosidi c. Godi Suwarna
b. Wahyu Wibisana d. Kis W.S.

